QORAQALPOG‘ISTON RESPUBLIKASI
XALQ TA’LIMI
VAZIRLIGI

230100, Nukus shahri, Dosnazarov ko‘chasi, 62-uy
Tel.: 0 (361) 222-24-37, 222-95-20, faks: 222-98-30
web-site: www.kkedu.uz, e-mail: mno.rk@exat.uz

QARAQALPAQSTAN RESPUBLIKASÍ
XALÍQ BILIMLENDIRIW
MINISTRLIGI

230100, Nókis qalasi, Dosnazarov kóshesi 62-úy
Tel.: 0 (361) 222-24-37, 222-95-20, faks: 222-98-30
web-site: www.kkedu.uz, e-mail: mno.rk@exat.uz

«03» декабрь 2021-y. № 03-03/03-5526 «____»-______ 2021-j.

**Нөкис районлық 11-санлы мектеп директорына**

**Нусқасы:** **Нөкис районлық Халық билимлендириў бөлими баслығы М.Тажетовқа**

**Сизиң 2021-жыл 15-ноябрь күнги 210-санлы хатыңызға:**

Нөкис районлық 11-санлы мектеп психологы Н.Абсаттарованың жумыслары үйренип шығылып, үйрениў жуўмағы бойынша мәлимлеме таярланды. Таярланған мәлимлеме бойынша орнатылған тәртипте тийисли ис-илаж белгилеўиңизди сораймыз.

Қосымша 4 беттен ибарат.

**Министрдиң орынбасары** **Ш.Таджимуратов**

Ижрочи:Э.Нуртаев
Тел: (8-361) 222-11-51

**Нөкис районлық 11-санлы мектеп психологы Н.Абсаттарованың жумысларын үйрениў жуўмағы бойынша**

**М Ә Л И М Л Е М Е**

Нөкис районлық 11-санлы мектепте 1-штат бирлигинде ислеп атырған әмелиятшы психологы Н.Абсаттарова жумысларын үйренилгенде төмендегилер анықланды:

2020-2021 оқыў жылында психолог тәрепинен жүргизилиўи тийис болған 4 дәптерди көрсете алмады.

Ал, усы 2021-2022-оқыў жылында 2-дәптерде усы жылы 3 тренинг шынығыўы өткерилгени жазылған болса, 1-дәптер, 3-дәптер ҳәм 4-дәптерлер улыўма жазылмаған.

2021-2022-оқыў жылы ушын Ис-режеси Нөкис районлық халық билимлендириў бөлими тәрепинен тастыйықланған.

Айлық ҳәм ҳәптелик ис-режеси исленбеген тастыйықланбаған.

2021-жыл Сентябрь айында "Психологиялық диагностика» бағдары бойынша profnovigator.uz платформасында 7-8-9-10-11-класс оқыўшыларының пәнлерге болған қызығыўшылығын анықлаў мақсетинде өтилиўи керек болған «Кәсибим-келешеги» тести ҳәм сораўнамасы өтилиўи жазылған болып, бирақ усы күнге шекем улыўма өткерилмеген.

Класс оқыўшыларының социаллық паспортын жаратыў, класс басшысы мағлыўматларына ҳәм гүзетиў нәтийжелерине тийкарланып 5-класс оқыўшылары менен олардың жаңа социал орталыққа бейимлесиўи диагностика сораўнамасы алынған, бирақ, улыўмаластырылмаған.

**Ис-режеде Коррекция ҳәм раўажландырыўшы бағдары бойынша өткерилиўи керек болған жумыслар**:

а) Оқыўшылар менен «Мен өзим» программасының 1-3-тренинг шынығыўларын өткериў. «Турмыста өз қәлеўиңизди аңлаў», «Арман ҳәм мақсет», «Мүнәсип турмыс формуласы» (8-11-класларға) тренинг шынығыў өткерилиўи белгиленген, лекин улыўма өтилмеген.

б) 5-класс оқыўшылары болыў ушын (Бесинши класс оқыўшысы болыў ансатпа?) Тренинг шынығыўы өткерилмеген.

в) «Шанарақтағы зорлықтын алдын алыў» класс саатларында өтилиўи ушын класс басшыларына тапсырмалар бериў ҳәм мектеп фоесин ҳәм ханалар зорлық бойынша безелиўи керек еди, улыўма исленмбеген.

7-класта: «Шанарақта, шаңараққа тийисли қағыйдалар ҳаққында түсиник». 8-класларда «Ҳуқуқларым әлемине саяхат», 9-класста «Балаларды қорғаў", 10-класста «Зорлықсыз дүньяны биргеликте жаратамыз»,11-

классларда «Бала ҳуқуқлары конвенциясы». Оқыўшыларды кәсип-өнерге бағдарлаў бойынша «Устаз-шәкирт дәстури»н жолға қойыў, мектептиң 1-11-класс оқыўшыларының дизимин қәлиплестириў бойынша жумыслар исленген, лекин надурыс исленген түсиник берилмеген. Социаллық психологиялық, эмоционал тараўында шахсларaралық қатнасықларында машқалалары бар болған оқыўшылар ҳәм олардың ата-аналары менен жеке ҳәм топарларда коррекцион илажларды өткериў (сәўбет, интервью, мәслаҳат, арттерапия, ертек терапия усыллары) жумыслары улыўма шөлкемлестирлмеген.

**Педагоглар ҳәм ата-аналар менен ислесиў бойынша:**

Оқытыўшыларда кәсиплик стресс ҳәм эмоционал сөниў жағдайлары профилактикасы программасының 1-модулинен пайдаланған ҳалда 1-2-тренинг шынығыўын өткериў.

Ата-аналар ушын «Биз зорлыққа қарсымыз» темасында жыйналыслар өткериў. Республикалық диагностика Орайы тәрепиннен жаратылған «Психикалық зорлық» мультфилим койып бериў ҳәм додалаў. Оқыўшылардың ата-аналары менен «Перзентиңизди билесизбе?» сораўнамасын өткериў ҳәм алынған натийжелерди анализ етип, шанарақтағы психологиялық орталықты анықлаў ҳәм топарларға бөлиў. «Перзентим енди 5-класста» темасындагы ата-аналар жыйналысында қатнасыў. Билимлендириў мәкемеси басшылары, педагоглары ушын ЮНЕСКО жойбары тийкарында «Улыўма орта билим бериў мәкемелеринде зорлық профилактикасы» бағдарламасы тийкарында 1-тренинг шынығыўларын өткериў. Республика диогностика орайы тәрепиннен жаратылған «Руўхый зорлық» ҳәм «Физикалық зорлық» мультфилимлерди көргизбеси ҳәм додаланыўы белгиленген. Психологтың бул бағдарда улыўма түсиниги жоқ.

«Кәсибим келешегим»-шынығыўлар:

7-класста “Кәсип таңлаў-инсан өмириндеги ең баслы қәдем”, 8-9 классларда “Мийнет қураллары ҳәм мийнет шараятлары бойынша кәсиплерди класификациялаў: 10-11-классларда “Кызығыу не?” шынығыўларын алып барыўы керек еди, тилекке қарсы бул жумысларда атқарылмаған.

**Өз үстинде ислеў:**

Ҳуқықбузарлық, айыпкерликтиң алдын алыў, ҳәм де кризис жағдайына тускен жасларды анықлаў. Республикалық диагностика Орайының социал тармақларында психологлар ушын жаратылған «Методикалық кун» курсларында билим илим тәжирийбе көнликпелерин асырып барыў жумысларыда шөлкемлестирлмеген.

Н.Абсаттарова ис-режесиниң усы жылдың октябрь исленетуғын жумысларына “**Психологиялық каселликти аныклау”** деп жызылған, ал, негизи “Психологиялық диагностика” деп жазылыўы тийис еди.

Октябрь айы ушын:

**Психологиялық диагностика:** 1) Ҳуқықбузарлык, айыпкерликтин алдын алыў, ҳәм де кризис жағдайына түскен жасларды аныклаў: 1. «Лушердиң тести» 2. «Тейлордың тынышсызланыў дәрежесин анықлаў методикасы» өткериў ҳәм нәтийжелерге қарап жуўмақ ҳәм усынысларды ислеп шығыў. 2) Оқыўшылар менен «Мен өзиме, өз кушиме исенемен» сораўнамасын өткериў ҳәм нәтийжелерине қарап жуўмағына усынысларды ислеп шығыў (7-11-класслар) 3. Өзлестириўи төмен оқыўшылар менен «Оқыў мотивациясының бағдарланғанлығын диагностикалаў методикасы»н өткериў, нәтийжелерге қарап оқыў мотивациясы дарежелери төмен оқыўшыларды анықлаў, топарларға бөлиў оларды менен ислесиў бойынша пән оқытыўшыларға, ата-аналарға усыныс ислеп шығыў. 4.Ата-аналар ушын «Биз зорлыққа қарсымыз» темасында жыйналыслар өткериў. Республикалық диагностика Орайы тәрепинен ислеп шығылған «Физикалық зорлық» 5. Билимлендириў мәкемесиндеги басшылар, педагоглар ушын ЮНЕСКО жойбары тийкарында «Улыўма орта билим бериў мәкемелеринде зорлық профилактикасы» бағдарламасы тийкарында 2-тренинг шынығыўларын өткериў. Өзлестириўи төмен оқыўшылардың класс басшылары ҳәм ата-аналарына психик процесслеринде, окыў мотивациясын раўажландырыў ҳәм қәлиплестириў бойынша усынислар бериў. Октябрь айында исленетуғын жумыслар бойынша бир де бир хүжжет көрсете алмады. **“Өз үстинде ислеў”** деген тема қойылған бирак бирде бир жумыс исленбеген.

Ноябрь айы:

**Психологиялық диагностика:** 2-4 класларда оқыўшылар менен «Зина» методикасын өткериў. Оқыўшылардан «Зина» методикасы алынған бирақ улыўмаластырылмаған.

«Қадриятлар бағдарлары» сораўнамасы оқыўшылар менен «Конфликтлесиў дәрежесин анықлаў» сораўнамасын өткериў, жуўмақ ҳәм усынысларды ислеп шығыў. Бу бойынша түсиниги де жоқ.

profnavigator.uz онлайн платформасы аркалы 7-класс оқыўшыларынан кәсип типлерин анықлаў. 8-класс оқыўшыларынан қызығыўшылығы, қәбилетлерин, умтылыўшылығын аныклаў.

9-класс оқыўшыларынан “Кәсип танлаў мотиви”н анықлаў,

10-класс оқыўшыларынан “Кәсиплик бейимлиги”н анықлаў;

11-класс оқыўшыларынан “Қызығыўшылықлар картасы” өткерилиўи режелестирилген. Бирақ, нәтийжесин көрсете алмады.

**Коррекция ҳәм раўажландырыў:**

8-11 класс оқыўшылары менен «Мен өзим бағдарламасы»ның 8-11-тренинг шынығыўларын өткериў.

“Өзине исенимди асырыў сырлары”, “Сезимлер ҳәм эмоцияларды басқарыу сырлары”, “Өз ўақтын режелестириў сырлары”, “Тайм менеджмент”, “Байланыс сырларын уйрениу”.

2) “Шаңарақтағы зорлықтың алдын алыў” класс саатлары

7-класс: “Ҳаял-қызлар ҳәм ер адамлардың тең ҳуқықлығы”.

8-класс: “Шаңарақ ҳәм шаңараққа тийсли қәдириятлар түсиниги 1-сабақ.

9-класс: “Шаңарақта унамлы мунәсебетлер”.

10-класс: “Шаңараққа тийсли мунәсебетлер”.

11-класс: “Гендер теңлик ҳәм гендер теңлик стереотиплери”

3) 2-3-класс оқыўшылары ушын “Коррекцион раўажландырыўшы” шынығыўлар өткерилиўи белгиленген бирақ бирде бир ҳүжжети жоқ.

Улыўмаластырып айтқанда, Нөкис районлық 11-санлы мектепте 1-штат бирлигинде ислеп атырған әмелиятшы психологы Н.Абсаттарова өз жумысын түсинбейди, методикалық жәрдем көрсетилмеген. Неше жыллардан берли, өз жумысына немқурайдылық пенен қарап келген.

Таярлаған Э.Нуртаев

М.Омирзакова